

## **Pwotokòl medikal pou okipe malnitrasyon grav lakay timoun ak Medika Mamba, yon manje tou prepare ki se yon trètman**

### **Objectif Pwogram nan**

Eksperyans nou sou zafè jesyon ak swivi nan pwogram pou okipe zafè malnitrasyon an Ayiti montre ke objèktif ki anba yo rezonab. Souple, gade nan pwotokòl nasyonal yo ke direksyon nan MSPP etabli pou plis detay.

1. Gen yon rapò pwa sou wotè (P/W) ki plis oswa egal a -1 Eka Tip (ET) lakay
  - a) 75% timoun ki genyen yon rapò P/W ki siperyè oswa egal -3ET e inferyè oswa egal -2 ET, apre 8 semèn trètman
  - b) 75% timoun ki genyen yon rapò P/W  $\leq$ -3ET, apre 12 semèn trètman
2. Timoun k'ap swiv pwogram nan dwe pran pou pi piti 4 gram pa kilo chak jou pandan yo ap swiv trètman an.

### **Matèryèl ki nesesè pou reyalize pwogram sa a**

1. Twaz (mezi)
2. 2 dekamèt (pou mezire gwosè ponyèt) ak yon makè.
3. Yon balans ki ka pandye, mak Salter (se sa OMS rekòmande) ak kalson pou peze. Yon balans pou mete atè pou timoun ki pi gran yo, avek oswa san manman yo.
4. Yon plaka ki rezistan (ke wonjè ak ensèk pa ka detwi li ta pi bon an metal) e ka femèn ak kle pou stoke Medika Mamba a.
5. Yon kiyè ak yon ti gode (pou 100ml dlo) pou montre paran yo dozaj la.
6. Yon pastil ki steril oswa kèk kiyè plastik pou fè tès apeti.
7. Kopi kontra Medika Mamba, pou paran yo.
8. Kopi fich swivi medikal yo.
9. Amoxicillin an poud, Albendazole (oswa Mebendazole) an grenn pou kraze anba dan, ti boutèy kloròks pou trete dlo, sewòm oral.
10. Pwotokòl ekri, tablo kritè pou moun ka antre oubyen fini pwogram nan (P/W), gid dispansè, enstriksyon pou pran mezi moun yo, bik.

Nou ka kontakte sou MFK pou dokiman ki gen rapò ak pwotokòl sa, oswa telechaje yo sou sit entènèt sa a: <https://mfkhaiti.org/medika-mamba-guidelines-protocols/>

- Gid pou pran mezi moun yo
- Tablo kritè pou moun antre oswa fini (ki gen ladan rapò pwa-wotè pou timoun yo)

- Tablo ki montre timoun yo pran pwa (pou kapab fè swivi nan chak vizit)
- Gid dispansè Medika Mamba a (pou kalkile kantite a an sachè de Medika Mamba pou bay nan chak vizit)
- Kontra an Kreyòl pou moun ki akonpaye a
- Dosye Medikal (Antre, vizit e soti timoun nan)

### **Kritè pou antre nan pwogram nan**

Timoun ki genyen ant 6 e 59 mwa e ki montre o mwen yonn nan kritè sa yo:

- Gwosè ponyèt  $\leq 125\text{mm}$  (12.5cm) lè depistaj la oswa lè l'ap kite (gade 'gid pou pran mezi moun yo' pou enfòmasyon sou itilizasyon)
- Rapò P/W  $\leq -2$  ET
- Lè gen dlo ki gonfle anba po a (odèm), 1+ oswa 2+ (pa 3+)

N'ap mete deyò:

Timoun ki pa vle manje Medika Mamba a.

Timoun ki prezante konplikasyon grav ki nan paragraf anba:

### **Definisyon konplikasyon medikal**

- Lè genyen dlo ki gonfle anba po a 3+
- Pèdi apeti
- Kwatchyòkò
- Enfeksyon nan koulwa respiratwa a
- Anemi grav, pal anpil
- Dezidratasyon grav
- Gwo lafyèv cho
- Feblès nan misk
- Sik twò ba
- Manke anpil chalè nan kò a

### **Grad dlo ki gonfle anba po a (odèm):**

Odèm yo ki pran fòm gode, se odèm ki kenbe tras dwèt la nan yon pwofondè 1cm sou janm oswa pye.

Pa genyen	0	
Tou piti:	1+	2 pye yo ak cheviy yo
Moderè:	2+	2 pye ak cheviy yo ak janm yo, men oswa avan bra yo.
Grav:	3+	tout kote: menm bra yo ak figi

## **Pwosedri lè genyen echèk nan fason regilye pou pran pwa:**

- Si malad la pèdi pwa 2 vizit youn apre lòt (apre li te resevwa Medika Mamba a) : Voye li lopital pou fè yon tès VIH/SIDA e Tibèkiloz (TB). (Tandike timoun ki soufre kwachyòkò/odèm ap toujou pède pwa avan ke yo rantre li)
- Si malad la pa pran pwa apre 4 semèn li ap manje Medika Mamba : voye li fè tès VIH/SIDA la oswa tibèkiloz la nan yon laboratwa oswa yon sant sante.
- Si tès VIH/SIDA la pozitif oubyen gen tras tibèkiloz, voye li lopital.
- Si tès Tibèkiloz la e VIH/SIDA a negatif e rapò P/W la pa  $<-2.5$  ET : malad la ap deyò nan pwogram nan apre 8 semèn ak ipotèz li pa resevwa Medika Mamba a.

## **Kritè pou sòti nan pwogram nan :**

1. GAYA : Rive genyen pwa kite sibla a ak yon rapò P/W  $\geq -1$  ET apre yon delè akseptab
2. PA PWOGRESE : Enkapasite pou pran pwa ki te sibla a apre 12 semèn ap manje Medika Mamba (antre fè malnitrisyon sevè P/W  $<-3$  ET oswa ak kwachyòkò/ odèm) :
  - i. Voye li lopital pou lòt dyagnostik
  - ii. Dwe fè tès VIH/SIDA e tibèkiloz
3. PA PWOGRESE : Enkapasite pou pran pwa ki te sibla a apre 8 semèn ap pran Medika Mamba (admèt fè malnitrisyon modere P/W  $\leq -2$  e  $>-3$  ET san odèm) :
  - i. Dwe fè tès VIH/SIDA e tibèkiloz
4. PA PWOGRESE : Echèk nan pran pwa apre 3 semèn nan pwogram nan, ak 2 avètisman, e san konplikasyon medikal. N'ap koupe timoun nan nan pwogram nan paske nou sispèk li pa resevwa kantite Medika Mamba nou egzije li.
5. ABANDON : Absan nan 2 oswa plizyè semèn randevou youn apre lòt.
  - a. Nòt : Timoun nan ka rete nan pwogram nan si enfimye a wè gen bon rezon pou absans yo, e/oswa si sa ap mete vi timoun nan an danje.
6. REFERANS POU NITRISYON : entèn lopital pou malnitrisyon. Timoun nan ka transfere a nenpòt moman lopital oswa nan yon sant pou stabilize nitrisyon si eta li ap vin pi mal oswa si enfimye a wè sa a nesèsè.
7. TRANSFÈ MEDIKAL : Entèn lopital pou yon lòt ka ki pa malnitrisyon.
8. LANMÒ

## Aktivite

### Vizit #1 (Admisyon)

- Moun ki akonpaye a dwe gen lèt rekòmandasyon ak yon dokiman ki di laj timoun nan. (egz : kat vaksinasyon, batistè)
- Verifye laj timoun nan 6 a 59 mwa.
  - EMPÒTAN : Si moun ki akonpaye pa vini ak yon pyès ki di laj timoun nan mande l pou l pote l nan lòt vizit la.
- Peze timoun nan
  - EMPÒTAN : Mezire pwa a 2 fwa. Si rezilta yo diferan peze l yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Pran wotè timoun nan kouche oswa kanpe ak twaz la. Ale nan 'gid pou pran mezi timoun yo' pou ou konnen kòman pou ou itilize yon twaz.
  - **Si timoun nan gen mwens ke 2 zan oswa mezire <87cm, pran mezi kouche.**
  - **Si timoun li gen plis pase 2 san oswa mezire >87 cm, pran mezi a kanpe.**
    - EMPÒTAN : Mezire wotè a 2 fwa. Si gen diferans nan 2 mezi yo, pran li yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Konfime ke gen o mwen yon kritè pou antre nan pwogram nan (tcheke pi wo).
- Konfime byen pa gen konplikasyon medikal oswa odèm de kote 3+, si se pa sa voye timoun nan nan lopital ki pi pre a.
- Kalkile pwa timoun nan sible a ( $P/W \geq -1$  ET) ale nan tablo ki bay kritè yo, antre e sòti, dapre sèx timoun nan e metòd kòman pou ou pran wotè la (kanpe oswa kouche).
- Kalkile konbyen tan maksimòm timoun nan ap pase nan pwogram nan.
  - Si  $P/W \leq -2$  ET e  $> -3$  ET, 6-8 semèn komanse depi premye fwa li te pran Medika Mamba a.
  - Si  $P/W \leq -3$  ET, 10-12 semèn komanse depi premye fwa li te pran Medika Mamba a.
- Fè yon tès apeti ak yon ti kiyè oubyen ak ti moso bwa, si timoun nan kapab manje Medika Mamba a, kontinye ak admisyon an. Si li refize, verifye si se yon enkapasite medikal oswa se yon konpòtman.
- Enfimyè a dwe ranpli dosye medikal la ak enfòmasyon admisyon yo.
- Enfimyè a dwe ranpli pati vizit #1 an nan dosye medikal la.
- Moun ki akonpaye timoun nan ka resevwa klowòks pou tretman dlo ak edikasyon pou klowòks ak amoxicilline
- Montre moun ki akonpaye a kòman pou li itilize klowòks e amoxicilline ( Li enpotan anpil pou enfimyè a prepare amoxicilline nan ak dlo trete pou paran an avan li bay li epi asire ke paran ou akonpayan an byen konprann tout enstriksyon yo.)
- Bay timoun nan amoxicilline. ( pou timoun malnitrisyon sevè selman)
- Bay Moun ki akonpaye a li epi siyen kontra a, apre li fin li e byen konprann.
- Li posib pou ou bay 1<sup>e</sup> dòz Medika Mamba a, si fanmi lan rete lwen, si timoun nan grangou, li ta pi bon pou ou tann dezyèm vizit la avan ou kòmanse pou evite melanje enfòmasyon yo.
- Nòt : Pa bay albendazole la avan yonn oswa 2 semèn trètman ak Medika Mamba a, pou evite yon dozaj ki ka toksik.

## Vizit #2:

- Peze timoun nan
  - EMPÒTAN : Pran pwa a 2 fwa, si rezilta yo diferan peze li yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Ranpli pati vizit #2 a nan dosye medikal la.
- Tcheke tablo 'konsènan pwa' a.
- Si timoun nan pran mwens pase 4g/kg/jou, repete tout enfòmasyon ou te bay nan premye vizit la.
- Si ou sispèk moun ki akonpaye a pa swiv pwotokòl la bay li kèk avètisman.  
Nòt : Tout timoun ki pa malad grav dwe pran pwa lè l'ap manje Medika Mamba a.
- Bay Albendazole oswa Mebendazole. ( Bay li selman nan 2eme ou 3eme semen)
- Bay li kantite Medika Mamba a pou youn oswa 2 semèn, selon pwogram nan.
  - Apre ou fin vizite gid dispansè Medika Mamba a pou ou wè ki kantite a Medika Mamba ki nesèsè e enfòmasyon moun ki akonpaye a ki kantite sachè pou li bay timoun nan chak jou.
  - Aprann moun ki akonpaye a pou li mete kantite kiyè ki apwopriye a nan yon tas chak jou e pou li bay timoun nan li diran jounen an, nan yon rit de 6-8 repa e pou chak repa 100ml dlo trete.

## Lòt vizit yo:

- Peze timoun nan
  - EMPÒTAN : Pran pwa a 2 fwa, si rezilta yo diferan peze li yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Tcheke tablo pran pwa' a.
- Si timoun nan pran mwens pase 4g/kg/jou, repete tout enfòmasyon ou te bay nan premye vizit la.
- Si ou sispèk moun ki akonpaye a pa swiv pwotokòl la bay li yon lòt avètisman.
- Bay pwochèn kantite Medika Mamba a pou youn oswa 2 semèn, selon pwogram nan, apre ou fin gade gid dispansè Medika Mamba a pou ou wè ki kantite Medika Mamba ki nesèsè epi di moun ki akonpaye a ki kantite kiyè Medika Mamba li dwe bay timoun nan chak jou.

## Denye vizit:

- Tcheke pwa timoun nan
  - EMPÒTAN : Pran pwa a 2 fwa, si rezilta yo diferan peze li yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Tcheke wotè kouche oswa kanpe
  - EMPÒTAN : Mezire wotè a 2 fwa. Si gen diferans nan 2 mezi yo, pran li yon 3<sup>em</sup> fwa.
- Ranpli pati 'konsiltasyon X' nan dosye medikal la.
- Konplete pati 'fini ou exeat' nan dosye medikal la.

## Medikasyon yo:

### Vizit #1 (Admisyon)

- Amoxicilline : (selman pou timoun ki souffri malnitrisyon sevè) Preskri dapre tablo sa a.

Class de Poids KG	Amoxicillin en Suspension	
	125 mg / 5 ml	250 mg / 5 ml
3-6 Kg	2.5 ml x 3 fois par jour	1.25 ml x 3 fois par jour
6-9 Kg	5 ml x 3 fois par jour	2.5 ml x 3 fois par jour
10-14 Kg	10 ml x 3 fois par jour	5 ml x 3 fois par jour
15-19 Kg	15 ml x 3 fois par jour	7.5 ml x 3 fois par jour
20-30 Kg	20 ml x 3 fois par jour	10 ml x 3 fois par jour
30+ Kg	30 ml x 3 fois par jour	15 ml x 3 fois par jour

- Klowòks : Bay Klowòks pou trete dlo nan fason sa a : 5 ti degout pa galon. Ou byen Gadyen dlo, 1 bouchon nan chak kin dlo epi tann 30 minit avan yo komanse itilize dlo a.
- Sewòm oral. Si timoun nan gen dyare : mete sewòm oral ak Medika Mamba pandan 3 jou.

### Dezyèm vizit:

- Albendazole/ Mebendazole : ( Pa bay li avan 2eme semèn)
  - Tout timoun dwe resevwa Albendazole/ Mebendazole nan dezyèm vizit la menm si se youn semèn oswa 2 semèn apre premyè fwa li pran Medika Mamba.
    - Albendazole (yon sèl doz)
      - <1 an : pa gen trètman.
      - 12-23 mwa : 200 mg yon sèl kou.
      - >2 zan : 400 mg yon sèl kou.
    - Mebendazole
      - < 1 an : pa gen trètman.

- 12-23 mwa : 250 mg yon sèl kou oswa 50 mg 2 fwa pa jou pandan 3 jou.
- >2 zan : 500 mg yon sèl kou oswa 100mg 2 fwa pa jou pandan 3 jou.

### **Lòt vizit yo:**

- Metronidazole
  - Si timoun nan gen dyare san rete malgre li pran Amoxicillin e Albendazole : Bay li Metronidazole la : 35 a 50mg/kg/ jou an 2 doz pou yon dire total 10 jou, mete l ak sewòm oral pandan 3 premye jou yo.
  - Kontinye nouri li ak Medika Mamba e lòt manje.

## **Mesaj pou edike:**

### **Vizit #1:**

1. Enpòtans dlo pòtab -Mete klowòks oswa Aquatabs nan dlo a oswa bouyi li.
2. Bay timoun nan Medika Mamba a 8 fwa pa jou. Ki moun ki ka fè sa si manman an pa la?
3. Lave men ak figi timoun nan avan ou ba l manje. Sere manje yon kote ki pwòp, nan veso ki ka kouvri, kote li pap pran solèy.
4. Pa kite Medika Mamba a kote timoun ka jwenn yo, èske ou gen yon kote pou ou sere Medika Mamba a?
5. Bay Amoxicillin kòrèkteman pou timoun malnitrisyon sevè selman
6. Medika Mamba a se yon manje e yon medikaman ki pou timoun ki chèch sèlman. Li gen ladan l pistach, poud lèt, sik, lwil, vitamin ak mineral. Pa bay lòt timoun yo oubyen lòt moun nan fanmi ou. Timoun nan dwe manje tout kantite Medika Mamba a.
7. Medika Mamba se yon manje ki sifi li menm sèl nan dire pwogram nan pou geri yon timoun ki mèt oswa malad.
8. Bay timoun nan souvan dlo trete pandan l'ap manje mamba a. Timoun yo bezwen bwè plis dlo pandan trètman an. Pwodwi a fè li anvi bwè plis dlo e akòz maladi li. Bay 100ml dlo trete oswa sewòm oral 8 fwa pa jou.
9. Nou pa dwe sispann bay timoun nan manje si li gen dyare. Okontrè ba li plis manje e plis dlo.
10. Siyen kontra a.
11. Si timoun nan gen bouton, ti souf li kout oubyen pa vle fè aksyon e li fèb, li posib pou li alèji a Medika Mamba a. Kanpe trètman an rapid e mennen li nan sant sante ki pi pre a.

### **Vizit #2:**

1. Pale sou koz malnitrisyon an.
  - a) Pa gen ase pwoteyin.
  - b) Pa gen ase manje.
  - c) Pa gen ase vitamin A, fè, yòd, asid folik nan manje yo.
2. Fè yon list aliman ki gen pwoteyin : vyann, pwason, ze, lèt, pistach, nwa, pwa.
3. Manje ki gen vitamin A = papay, mang, kawòt, jomou, kouj.
4. Manje ki gen fè = vyann, pwason, fèy vèt.
5. Manje ki gen asid folik = legim e fwi.

6. Manje ki gen vitamin E = lwil, pistach, zaboka, nwa.

**Vizit #3 :**

1. Si dlo a sal, ou dwe trete li.
2. Manje kri ka bay sante pwoblèm, lave yo ak dlo pwòp, kwit yo.
3. Lè nou lave men nou souvan, sa ka anpeche nou pran enfeksyon ak bakteri. Toujou lave men nou avan nou prepare manje oswa avan nou bay timoun nan manje.
4. Toujou mete bagay nan pye nou.

**Vizit #4:** *(repete pwèn enpòtan yo)*

1. Bay vaksen kont lawoujòl lè sa posib.
2. Konplimante manman pou bon travay li fè epi ede li jwenn kèk fason pou prepare manje ki gen vitamin e ki bon mache, pou timoun nan ka rete byen nourri.